

# Pare jan **Kwa-Wouj** mande a

## Lis kontwòl sekirite apre yon glisman teren

Glisman teren se yon dezaz ki deja rive nan prèske tout Eta yo e yo kapab lakòz anpil domaj. Mo glisman teren an dekri mouvman tè k ap desann e ki gen dwa deplase lantranman e koze domaj gradyèlman, oswa li gen dwa deplase rapid, pou li detwi pwopriyete e tiye moun sibatman e san pèsòn te konnen sa ta k ap rive. Pifò glisman teren se fòs natirèl oswa evènman natirèl ki pwovoke yo, tankou gwo lapli ak nèj k ap fonn, tranbleman latè, eripsyon volkanik ak lagravite. Glisman teren anjeneral asosye ak peryò gwo lapli oswa nèj k ap fonn rapidman e yo gen tandans agrave efè inondasyon yo. Zòn ki brile apre yon dife forè oswa dife ti pye bwa trè souvan konn atire glisman teren.

### Fè rezèv sizoka ou ta bezwen evakye:

- Dlo—yon rezèv pou 3 jou; yon galon pa pèsòn pa jou
- Manje—yon rezèv pou 3 jou manje ki pa gate fasil e ki fasil pou pare
- Flach
- Radyo ki mache ak pil oswa ak manivèl (Radyo Lameteyo NOAA, si se posib)
- Rezèn pil
- Twous premye swen
- Medikaman (yon rezèv pou 7 jou) ak atik medikal
- Zouti multifonksyonèl
- Atik sanite ak atik pou ijyèn pèsònèl
- Kopi dokiman pèsònèl (lis medikaman ak enfòmasyon medikal enpòtan, dokiman ki pwouve adrès kote w rete a, tit pwopriyete/kontra lokasyon kay ou, paspò, batistèkontra asirans)
- Selilè avèk chajè yo
- Enfòmasyon pou kontaktefanmi ak pou kontakte pèsònèl ijans yo
- Lajan kach
- Lòt atik esansyèl ou pa ta ka ranplase si yo te detwi

### Kisa mwen ta dwè fè si mwen abite nan yon zòn kote gen risk pou glisman teren?



- Glisman teren yo rive anjeneral nan zòn kote yo te deja rive anvan. Pran enfòmasyon osijè risk pou genyen glisman teren nan zòn ou. Yo konn rele glisman teren yo glisman labou, koule debri, koule labou oswa avalanch debri.
- Pran plis enfòmasyon osijè sèvis lokal asistans nan ka ijans akplan evakyasyon yo.
- Pale avèk tout moun ki abite avèk ou konsènan sapou fè sizoka ta gen yon glisman teren.
- Kreye et pratike yon plan evakyasyon pou fanmi w ak biznis ou.
- Pare e renouvle yon twous preprasyon pou ka ijans.
- Konnen byen teren ki toutotou w kote ou abite ak kote ou travay pou kapab konprann risk ki genyen nan divès sityasyon.
- Obsève karakteristik drenaj dlo loraj sou pant ki bò lakay ou, espesyalman nan andwa kote tidlo k ap koule anba yo konn kontre.
- Koule debri ak lòt glisman teren ki monte sou wout yo rive anpil pandan tanpèt lapli.
- Latè ki ranpli deja plen ak dlo (satire) gen anpil chans pou l pwovoke koule labou ak koule debri.
- Pa bliye asirans kont glisman teren pa disponib, men kontra asirans kont inondasyon gen dwa kouvri domaj koule debri te koze; ale gade asirans Pwogram nasyonal asirans kont inondasyon (NFIP) afouni nan [www.fema.gov/business/nfip](http://www.fema.gov/business/nfip).

### Kisa pou m fè si gen yon glisman teren ki kòmanse oswa ki gen anpil chans pou kòmanse?



- Si w sispèk gen yon danje iminan, evakye touswit. Enfòmasyon vwazen ou ki konsène si w kapab, e kontakte konpayi travo piblik, depatman ponpye oswa depatman lapolis.
  - Gade si ou pa tande bri ki pa nòmal ki ta ka endike debri ap deplase, tankou pye bwa k ap krake oswa woche k ap fwape youn kont lòt.
  - Si w akote yon rivyè oswa yon kanal, louvri zye w pou kapab detekte si dlo a ogmante oswa bese soudèman e obsève si dlo an chanje koule e li tounen twoub ak labou olye pou li transparan. Chanjman konsa gen dwa endike gen aktivite koule debri pi devan rivyè a oswa kanal la e pare kò w pou deplase rapidman.
  - Kenbe zye w ouvri espesyalman lè w ap kondwi—detekte asfalt ki tonbe nan yon twou, labou, wòch ki tonbe atè ak lòt endikasyon gen yon koule debri k ap vini.
  - Si yo ba w lòd oswa ou si w deside evakye, pran bèt ou yo avèk ou.
  - Wè si li posib kòm prekosyon pou evakye yon gwo kantite oswa anpil bèt depi ou vin konnen gen yon danje k ap pwoche.
- #### Pandan gwo loraj yo
- Kenbe zye w louvri e pa dòmi. Anpil moun deja mouri poutèt glisman teren ki rive pandan moun ap dòmi.
  - Koute estasyon nouvèl lokal yo nan yon ki mache avèk pil pou wè si gen avètisman pral gen gwo lapli ki pral tonbe.
  - Wè si li posib pou w ta kite kay la, si pa gen danje.

### Kisa pou m fè apre yon glisman teren?



- Pa pwoche zòn ki glise a jiskaske otorite lokal yo te di pa gen dnaje pou tounen.
- Koute estasyon lokal yo nan yon radyo pòtab ki mache avèk pil pou kapab tande enfòmasyon ijans ki pi resan yo.
- Louvri zye w pou kapab wè si gen inondasyon-inondasyon rive pafwa apre glisman teren ak koule debri.
- Verifika si hay personas y animales heridos o atrapados cerca del sitio del deslave, sin ingresar directamente en la zona del deslave.
- Tcheke pou wè si pa gen moun ki blese oswa ki kole e tcheke si pa gen bèt ki akote glisman an, san ou pa antre nan zòn glisman an.
- Eded moun ki bezwen asistans espesyal.
- Chèche wè si gen kab sèvis piblik dlo, elektrisite, gaz ak telefòn ki kase e rapòteyo ba otorite ki konsène yo.
- Tcheke fondasyon kay ou, chemine ak teren ki toutotou kay la pou wè si gen domaj.
- Replante teren ki domaje a depi sa posib paske ewozyon ki rive poutèt gen mwens pye bwa ak plant sou tè a gen dwa pwovoke yon inondasyon eklè (lè dlo a monte trè rapidman).

### Kite fanmi w konnen ou pa an danje

Si kominote w sibi yon dezaz, enskri w sou sit Wèb Kwa-Wouj Ameriken ki rele An sekirite e anfòm ki disponib gras a [RedCross.org/SafeandWell](http://RedCross.org/SafeandWell) pou kite fanmi w ak zanmi w konnenkijan ou ye. Si w pa gen Entènèt, rele **1-866-GET-INFO** pou kapab enskri tèt ou ansanm ak fanmi w.